



**Anyèl Avi paran / gadyen legal (Dwa-a-konnen)
Dwa a Mande Pwofesè / Kalifikasyon parapwofesyonèl**

16 out 2022

Pou Paran/Gadyen Legal:

Distri Lekòl nou resevwa fon federal pou pwogram Tit I ki fè pati Chak Elèv la reyisi Act (Ese) nan 2015. Kòm youn nan kondisyon pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifiye paran/gadyen legal sou dwa-yo pou mande epi resevwa enfòmasyon ki konsènen kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak èd ansèyan (parapwofesyonèl).

Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman-sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FDLOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye;
- Si kondisyon FLDOE otorize pèmèt pwofesè-a anseye lè emèjennsi oswa selon klòz kontra;
- Si pwofesè-a diplome kolèj ak yon *major* ak ki disiplin akademik li etidye oswa si li gen yon espesyalizasyon pou diplòm etid siperyè/sètifikasyon;
- Si yon parapwofesyonèl founi pitit-ou sèvis, epi nan ka-sa-a, kalifikasyon èd anseyan-an; epi
- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obteni nan chak tès akademik onivo Leta.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo-a, tanpri rele nimewo 754-000-0000 epi mande pale ak anplwaye ki kontak pwogram Title I pou lekòl ABC School.

Mèsi paske ou montre enterese epi pou patisipasyon-ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,

Principal's Signature